Qabul qilindi: 25.03.2025 Chop etildi: 30.04.2025 UDK: 94 (575.1): 342.56

# INTELLEKTUAL MÚLK OBYEKTLERIN PUQARALÍQ-HUQÍQÍY QORǴAWDA XALÍQARALÍQ STANDARTLAR HÁM MILLIY NÍZAMSHÍLÍQTÍŃ SÁYKESLIGI

***Sarsenbaeva Ellada Teńelbayevna***
***Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Yuridika fakulteti studenti***



sarsenbaevaelon3@gmail.com

# СООТВЕТСТВИЕ МЕЖДУНАРОДНЫМ СТАНДАРТАМ И НАЦИОНАЛЬНОМУ ЗАКОНОДАТЕЛЬСТВУ В ОБЛАСТИ ГРАЖДАНСКО-ПРАВОВОЙ ЗАЩИТЫ ОБЪЕКТОВ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНОЙ СОБСТВЕННОСТИ

***Сарсенбаева Эллада Тенгелбаевна***
***Студент Юридического факультета Каракалпакского государственного университета***

# COMPLIANCE WITH INTERNATIONAL STANDARDS AND NATIONAL LEGISLATION IN THE FIELD OF CIVIL LEGAL PROTECTION OF INTELLECTUAL PROPERTY OBJECTS

***Sarsenbayeva Ellada Tengelbayevna***
***Student of the Faculty of Law, Karakalpak State University***

**Annotaciya.** *Maqalada intellektual múlk obyektlerin puqaralıq-huqıqıy qorǵaw boyınsha Ózbekstan milliy nızamshılıǵı hám xalıqaralıq standartlar ortasındaǵı sáykeslik jaǵdayları úyrenilgen. Izlertlew sheńberinde Bern konvensiyası, TRIPS kelisimi hám WIPO shártnamaları sıyaqlı xalıqaralıq hújjetler talapları Ózbekstan puqaralıq nızamshılıǵında qánshelli dárejede sáwlelengenligi analizlenedi.*
**Tayanısh sózler:** *intellektual múlk, xalıqaralıq huqıq, milliy nızamshılıq, brendti qorǵaw, sawda belgisi, TRIPS kelisimi, licenziyalaw, huqıqıy normalar, insan huqıqları, innovaciyalardı qorǵaw.*
**Аннотация.** *В статье рассматривается соответствие между национальным законодательством Узбекистана и международными стандартами в области гражданско-правовой защиты объектов интеллектуальной собственности. В рамках исследования анализируется степень отражения требований международных документов, таких как Бернская конвенция, соглашение TRIPS и соглашения WIPO, в гражданском законодательстве Узбекистана.*
**Ключевые слова:** *интеллектуальная собственность, международное право, защита бренда, товарный знак, соглашение TRIPS, лицензирование, правовые нормы, защита инноваций.*
**Abstract.** *The article examines the compliance of Uzbekistan's national legislation with international standards in the field of civil law protection of intellectual property objects. Within the framework of the study, the degree to which the requirements of international documents such as the Bern Convention, the TRIPS Agreement, and the WIPO Agreement are reflected in the civil legislation of Uzbekistan is analyzed.*
**Keywords:** *intellectual property, international law, brand protection, trademark, TRIPS agreement, licensing, legal norms, human rights, innovation protection.*

**KIRISIW.** Intellektuallıq múlk huqıqları zamanagóy dáwirde hár bir mámlekettiń ilimiy-texnologiyalıq hám mádeniy rawajlanıwı, ekonomikalıq mápleri jáne xalıqaralıq sawda baylanıslarındağı ornın belgileytuǵın áhmiyetli faktorǵa aylanǵan. Atap aytqanda, avtorlıq huqıq, patentler, sawda (tovar) belgileri sıyaqlı intellektuallıq múlk obyektlerin huqıqıy qorǵaw arqalı innovaciyalardı xoshametlew hám ádil báseki ortalıǵın támiyinlewge erisiledi. Jáhán Sawda Shólkemi (JSSh) sheńberindegi Sawdaǵa baylanıslı intellektual múlk huqıqları boyınsha Kelisim - TRIPS xalıqaralıq sawda sistemasında intellektual múlkti qorǵawdıń minimal standartların belgileydi. Sol sebepli, JSShǵa aǵza bolǵan yamasa aǵza bolıwdı rejelestirip atırǵan hár bir mámleket óziniń milliy nızamshılıǵın usı xalıqaralıq standartlarǵa muwapıqlastırıwı zárúr [1].

**ÁDEBIYATLAR ANALIZI HÁM METODOLOGIYA.** Intellektuallıq múlk tarawında Ózbekstan Respublikasınıń huqıqıy bazası bir neshe normativlik-huqıqıy hújjetlerden qáliplesken. Tiykarǵı hújjet Ózbekstan Respublikası Puqaralıq kodeksi bolıp, onda intellektual xızmet nátiyjelerine bolǵan huqıqlar ulıwma múlk huqıqları sistemasında belgilengen. Sonday-aq, 2006-jılı qabıl etilgen «Avtorlıq huqıq hám túrles huqıqlar haqqında»ǵı Nızam mámlekette avtorlıq huqıqlardı qorǵawdıń tiykarǵı huqıqıy tiykarın jarattı [3].

Jáhán intellektuallıq múlk shólkemi (WIPO) sheńberindegi kelisimlerge qosılıw da milliy nızamshılıqtı xalıqaralıq normalarǵa muwapıqlastırıw imkaniyatın berdi. Atap aytqanda, Ózbekstan 2019-jılı WIPOnıń internet dáwiri ushın zárúr shártnamaları - Avtorlıq huqıq boyınsha WIPO shártnaması (WCT) hám Atqarıwlar hám fonogrammalar boyınsha WIPO shártnamasına qosılıp, sanlı ortalıqta avtorlıq hám túrles huqıqlardı qorǵaw boyınsha xalıqaralıq standartlardı qabıl etti [4].

Ilimiy dereklerde hám shet el ádebiyatlarında Ózbekstan intellektual múlk nızamshılıǵınıń xalıqaralıq standartlarǵa muwapıqlıǵı máselesi keńnen sáwlelendirilmekte. Sonıń ishinde, ayırım izertlewlerde Ózbekstannıń TRIPS kelisiminiń talaplarına muwapıqlıǵı tolıq talqılanıp, milliy nızamshılıqtaǵı sáykes hám sáykes emes tárepler anıqlanǵan jáne olardı sheshiw boyınsha usınıslar berilgen [2]. Xalıqaralıq dárejedegi salıstırmalı analizlewde bolsa Ózbekstannıń intellektuallıq múlk huqıqı tarawı AQSh hám Evropa Awqamı nızamshılıǵı menen salıstırılıp, olardıń uqsas hám ayırmashılıq tárepleri kórsetilgen [8].

**Metodologiya.** Maqala tayarlawda huqıqıy-salıstırmalı analizlew, salıstırmalı jantasıw, ulıwma talqılaw metodı hám huqıqıy ekspertiza usıllarınan paydalanıldı. Xalıqaralıq konvenciyalar (Bern, TRIPS, WIPO hám b.) hám Ózbekstan Respublikası milliy nızam hújjetleriniń tiyisli normaları tekst-mánisi jaǵınan salıstırılıp shıǵıldı. Sonday-aq, tema boyınsha ilimiy maqalalar, sholıwlar hám analitikalıq materiallar úyrenilip, olardaǵı ilimiy juwmaqlar sın kózqarastan talqılandı.

**NÁTIYJELER**

**Xalıqaralıq hám milliy normalar sáykesligi.** Ózbekstan intellektual múlk nızamshılıǵın talqılaw sonı kórsetedi, tiykarǵı xalıqaralıq standartlar milliy huqıq sistemasında sáwlelengen hám ulıwma alǵanda, olar arasında belgili bir úylesimlilik bar. Bárinen burın, intellektuallıq múlk obyektlerin qorǵaw sheńberi xalıqaralıq talaplarǵa sáykes túrde keń qamtıp alınǵan: TRIPS kelisiminde názerde tutılǵan avtorlıq huqıq, sawda belgileri, geografiyalıq kórsetkishler, sanaat úlgileri, patentler, integraciyalanǵan mikrosxema topologiyaları hám kommerciyalıq sırlar sıyaqlı huqıqlar Ózbekstan Puqaralıq kodeksi hám arnawlı nızamlarda huqıqıy qorǵaw astına alınǵan [2]. Milliy nızamshılıqta sırt el puqaraları hám yuridikalıq shaxslardıń intellektuallıq múlk obyektlerine bolǵan huqıqları jergilikli subyektlerdiki menen birdey dárejede qorǵalıwı hám qorǵaw avtomatik tárizde, yaǵnıy obyekt jaratılıwı menen júzege keliwi sıyaqlı xalıqaralıq principler tolıq kepillengen [3].

Máselen, Ózbekstan Bern konvenciyasına qosılǵan waqıttan baslap (2005 j.) sırt el avtorlarınıń shıǵarmaları hesh qanday dizimnen ótiw talaplarısız nızam qorǵawına iye boldı. Sonday-aq, intellektuallıq múlk subyektleriniń huqıqların buzǵanı ushın puqaralıq-huqıqıy juwapkershilik mexanizmleri (zıyandı qaplaw, toqtatıp turıw talabı, kompensaciya óndiriw hám t.b.) engizilgen bolıp, bul da TRIPS hám basqa da xalıqaralıq kelisimlerdiń talaplarına muwapıq esaplanadı.

Avtorlıq huqıqın qorǵaw múddetiniń 70 jılǵa sozılıwı Evropa Awqamı mámleketleri hám

TAMADDUN NURI

AQShtaģı ámeliyatqa únles bolıp, milliy hám sırt el avtorlarınıń huqıqların birdey uzaq múddet qorǵaw imkaniyatın berdi. Tap sol sıyaqlı, tovar belgileri (sawda markaları) n qorǵaw múddeti de xalıqaralıq normalardan kem bolmaǵan dárejede belgilengen (Ózbekstanda 10 jıl hám keyin ala sozdırılıwı múmkin, bul bolsa TRIPS talap etken 7 jıllıq minimumnan joqarı) [2].

**Qarama-qarsılıqlar hám ayırmashılıqlar**. Avtorlıq huqıqlardı qorǵaw boyınsha morallıq huqıqlar kózqarasınan da salıstırmalı ayırmashılıqlar itibarǵa ılayıq: Evropa mámleketlerinde hám Ózbekstanda avtordıń atın belgilew hám shıǵarmanıń pútinligin saqlaw huqıqları (morallıq huqıqlar) ulıwma tán alınǵan hám múddetsiz qorǵalsa, AQShta bul huqıqlar sheklengen (tek vizual shıǵarmalar ushın tolıq tán alınǵan). Bunday ayırmashılıqlar xalıq aralıq konvenciyalardaģı sáykes kelmeytuǵın halatlardan kelip shıǵadı - máselen, AQSh Bernge qosılǵan bolsa da, Bern 6-bis statyasın (ádep-ikramlılıq huqıqlar) tolıq májbúriy dep tán almaǵan.

Eń itibarǵa ılayıqlı qarama-qarsılıqlardan biri - intellektuallıq múlk huqıqların qorǵaw mexanizmleri, ásirese olardı puqaralıq hám jınayıy tártipte májbúriy orınlaw tarawında bolıp esaplanadı. TRIPS kelisimine aǵza mámleketler ushın intellektuallıq múlk huqıqların nátiyjeli qorǵaw ilajların, sonıń ishinde, sud tártibinde huqıqbuzarlıqtı jedel toqtatıw, jetkerilgen zıyandı qaplaw, zárúr jaǵdaylarda nızamsız dáramattı tartıp alıw yamasa joq etiw, qastan islengen huqıqbuzarlıqlar ushın jınayıy jazalar belgilew usınıs etiledi [2].

**Milliy nızamshılıqtaǵı boslıqlar.** Analizlew procesinde anıqlanǵan mashqalalardan biri - bajıxana shegaralarında intellektuallıq múlkti qorǵaw mexanizmlerindegi boslıq bolıp esaplanadı. TRIPSke muwapıq, aǵza mámleketler bajıxana uyımlarına kontrafakt tovarlardı toqtatıp alıw hám konfiskaciyalaw boyınsha jeterli wákillikler beriwi lazım (hátteki, huqıq iyesiniń arzasısız, erkin túrde ilajlar kóre alıwı, yaǵnıy *ex officio* háreket etiwi). Ózbekstanda bolsa jaqında bajıxana uyımlarına huqıq iyesiniń múrájatısız huqıqbuzarlıqtı anıqlaǵanda da toqtatıw imkaniyatın beriwshi ózgerisler kirgizilgen bolsa da, ele tolıq *ex officio* wákillikleri ámelde támiyinlenbegen hám bul boyınsha qosımsha ilaj kerek ekenligi bildirilgen [5]. Bunnan tısqarı, sanlı ortalıqta avtorlıq huqıqların ámelge asırıw baǵdarında milliy nızamshılıqtı jańalap barıw talap etiledi. Internet hám sanlı texnologiyalardıń rawajlanıwı avtorlıq huqıqınıń jańa qırların keltirip shıǵarmaqta: onlayn qaraqshılıq, sanlı huqıqlardı basqarıw (DRM), web-platformalarda kontent tarqatıw sıyaqlı máselelerde huqıqıy tártipke salıw turaqlı jetilistiriwdi talap etedi [3].

**TALQÍLAW.** Joqarıdaǵı nátiyjeler analizi sonı kórsetedi, Ózbekstan intellektuallıq múlk nızamshılıǵı ulıwma alǵanda xalıqaralıq standartlarǵa muwapıq tárizde qáliplestirilgen hám sońǵı jıllarda jáne de úylesip barmaqta. Sonıń menen birge, ayırım baǵdarlarda ele jetilistiriliwi zárúr bolǵan máseleler bar. Atap aytqanda, xalıqaralıq ámeliyat penen salıstırǵanda anıqlanǵan ayırmashılıqlar hám milliy sistemadaǵı mashqalalar jáne olardı saplastırıw boyınsha usınıslar tómendegishe ulıwmalastırıladı:

**Intellektuallıq múlk huqıqların huqıqıy qorǵaw infrastrukturasın rawajlandırıw:** Milliy dárejede nızamshılıqtı xalıqaralıq standartlarǵa beyimlestiriw menen birge, bul nızamlardıń nátiyjeli orınlanıwın támiyinlew de áhmiyetli másele. Xalıqaralıq tájiriybede intellektuallıq múlk kelispewshiliklerin kórip shıǵıwǵa qánigelesken sudlar yamasa sudyalardıń bar ekenligi, huqıq qorǵaw uyımlarında arnawlı bólimlerdiń jumısı jaqsı nátiyje berip atırǵanı baqlanbaqta. Ózbekstanda 2023-jılı Joqarǵı sud Plenumı tárepinen intellektuallıq múlkke baylanıslı islerdi kórip shıǵıw boyınsha qarar qabıl etilgenligi (sud ámeliyatı ushın túsindiriwler) bul tarawda birden-birlikti támiyinlewge xızmet etedi [10].

Keleshekte intellektuallıq múlk isleri boyınsha sudyalardı jáne de qánigelestiriw, olardıń mamanlıǵın arttırıw, itimal, ayırım islerdi ekonomikalıq sudlar yurisdikciyasına ótkeriw (eger házir puqaralıq sudları kórse) yamasa kerisinshe, avtorlıq huqıqı isleri boyınsha óz aldına sudlaw quramın qáliplestiriw máselesin kórip shıǵıw múmkin. Bunnan tısqarı, bajıxana uyımlarına kontrafakt ónimlerdi mámleket shegaralarında toqtatıw hám konfiskaciyalaw boyınsha keńirek ex officio wákilliklerin beriw de áhmiyetli usınıslardan biri bolıp esaplanadı (bul xalıqaralıq tájiriybede keńnen qollanıladı hám TRIPStiń 51-statyası sheńberinde qollap-quwatlanadı).

**JUWMAQ.** Juwmaqlap aytqanda, Ózbekstan Respublikasınıń intellektuallıq múlk obyektlerin puqaralıq-huqıqıy qorǵaw sisteması sońǵı jıllarda

TAMADDUN NURI

jedel rawajlanıp, tiykarǵı xalıqaralıq standartlar hám minnetlemelerge muwapıqlasıp barmaqta. Milliy nızamshılıqqa Bern konvenciyası, Parij konvenciyası hám TRIPS kelisiminiń talapların implementaciyalaw boyınsha áhmiyetli qádemler qoyıldı: avtorlıq huqıq hám túrles huqıqlar haqqındaǵı nızamshılıq xalıqaralıq normalarǵa muwapıq jańalandı.

Biraq, izleniwler sonı kórsetedi, milliy huqıqtı qollanıw ámeliyatın xalıqaralıq eń jaqsı tájiriybege jaqınlastırıw ushın ele sheshimin kútip atırǵan máseleler bar. Xalıqaralıq ámeliyat penen salıstırmalı tallaw nátiyjesinde intellektuallıq múlk huqıqların qorǵawda ayırım ayırmashılıqlar (máselen, «fair use» principi sıyaqlı túsiniklerdiń joq ekenligi, provayderlerdiń juwapkershiligi máselelerindegi boslıqlar, geografiyalıq kórsetkishlerdiń tolıq tártipke salınbaǵanı) anıqlandı. Maqalada keltirilgen usınıslar - geografiyalıq kórsetkishler haqqında nızam qabıl etiw, Roma konvenciyasın ratifikaciyalaw, sanlı tarawda huqıqıy normalardı kúsheytiw, sud-huqıq ámeliyatın rawajlandırıw hám basqalar - ámelge asırılsa, Ózbekstan intellektuallıq múlkti qorǵaw sisteması jáne de úylesimli hám nátiyjeli bolıwına xızmet etedi. Bul bolsa, óz gezeginde, mámlekettiń innovaciyalıq hám dóretiwshilik potencialın júzege shıǵarıwǵa járdemlesedi jáne xalıqaralıq ekonomikalıq birge islesiwde Ózbekstannıń abırayın arttıradı.

## PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR

### Internet materialları (maqaladaǵı siltemeler):


1. Yuldashov A. “Intellectual Property Policy in the Process of Accession to the WTO: TRIPS Agreement and National Legislation of Uzbekistan” https://uzbekistanlawblog.com/intellectual-property-policy-in-the-process-of-accession-to-the-world-trade-organization-trips-agreement-and-national-legislation-of-uzbekistan

2. WBML ilimiy jurnalı – Comparative analysis of the TRIPS Agreement and Uzbekistan's IP legislation: https://scholarexpress.net/index.php/wbml/article/view/4501

3. *Copyright Law in Uzbekistan: Legal Framework and Application* https://www.mondaq.com/copyright/1404528/copyright-law-in-uzbekistan-legal-framework-and-application

4. Kun.uz jańalıqları – *Uzbekistan becomes a party to WIPO Internet Treaties*: https://kun.uz/en/news/2019/07/17/uzbekistan-becomes-a-party-to-wipo-internet-treaties#:~:text=Image

5. USTR Special 301 Report 2023 (trade.gov) – *Uzbekistan - Protecting Intellectual Property*: https://www.trade.gov/country-commercial-guides/uzbekistan-protecting-intellectual-property

6. Daryo.uz – *O‘zbekiston OAV mahsulotlaridan noqonuniy foydalanishga qarshi kurash olib boradi:* https://daryo.uz/ru/2024/03/26/uzbekistan-prisoedinitsa-k-mezdunarodnoj-konvencii-ob-ohrane-prav-ispolnitelej

7. Embassy of the Republic of Uzbekistan in the Republic of Turkey – https://uzembassy.org.tr/news/3536?language=en#:~:text=Also%2C%20one%20of%20the%20things,from%2050%20to%2070%20years

8. Jumakulov M.J., A Comparative Study of Intellectual Property Law: Uzbekistan, Europe, and the US: https://periodica.org/index.php/journal/article/view/936

9. WPPT Notification No. 97. WIPO Performances and Phonograms Treaty. https://www.wipo.int/wipolex/en/treaties/notifications/details/treaty_wppt_97

10. Legal Protection of Intellectual Property. Part 1. https://azizovpartners.uz/en/memos/legal-protection-of-intellectual-property-part-1/